

ABSTRAK BASA SUNDA

Afrizal Wahyu Sentosa. *Analisis Kamampuan Literasi Matematis sareng Self-Efficacy ngaliwetan Model Pembelajaran Berbasis Masalah kanggo Murid Sakola Menengah*

Penelitian ieu disebabkeun ku rendahna kamampuan literasi matematis murid, salajengna salah sahiji aspek afektif anu penting nyaeta self-efficacy anu dipercanten bisa nyukseskeun proses diajar matematika. Salah sahiji model anu bisa ngembangkeun kamampuan literasi matematis sareng self-efficacy murid teh nyaeta model pembelajaran berbasis masalah, sabab ku model pembelajaran berbasis masalah murid dihadapkeun kanu masalah anu nyata sareng dinu tahapan pembelajaran murid kedah ngalaporkeun hasil gawena anu dikerjakeun babarengan. Tujuan ti ieu penelitian teh guna: ngaanalisis penerapan model pembelajaran berbasis masalah keur literasi matematis murid sakola menengah; ngaanalisis penerapan model pembelajaran berbasis masalah keur self-efficacy murid sakola menengah; sareng ngaanalisis kamampuan literasi matematis jeung self-efficacy murid sakola menengah. Penelitian ieu ngagunakeun pendekatan kualitatif. Jenis penelitian anu digunakeun nyaeta studi kepustakaan, jeung metodena dokumentasi. Data dikempelkeun ku cara ngahimpun artikel anu aya kaitanna jeung variabel penelitian terus dipilihan jeung dianalisis. Hasil tina analisis data nyaeta. 1) Penerapan model pembelajaran berbasis masalah tiasa ningkatkeun sareng boga dampak positif kanu perkembangan kamampuan literasi matematis murid sakola menengah. 2) Penerapan model pembelajaran berbasis masalah tiasa ningkatkeun jeung boga dampak positif kanu perkembangan self-efficacy murid sakola menengah, faktor anu mempengaruhi hasil penerapan model pembelajaran berbasis masalah nyaeta kamampuan murid ngikutkeun proses belajarna. 3) Kamampuan literasi matematis jeung self-efficacy boga hubungan atawa korelasi, kamampuan literasi matematis oge bisa dipangaruhan ku tingkat self-efficacy murid.

Kata Konci: *Kamampuan Literasi Matematis, Self-Efficacy, Model Pembelajaran Berbasis Masalah.*